



# Dwa ou genyen pou Reprezantasyon

## Ki sa ki andedan

Ki sa yon reprezantan ka fè	1
Chwazi yon reprezantan	2
Ki sa reprezantan w lan ka chaje w	2
Pou depoze yon akò pou frè	2
Pou depoze yon petisyon pou frè	2
Ki valè ou peye	3
Si yon lòt mounn peye reprezantan w lan	3
Si w pè apèl pou reklamasyon w lan nan tribunal federal	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Ou ka gen yon reprezantan, tankou yon avoka oswa yon moun ki pa avoka, pou ede w lè w ap fè biznis ak Sekirite Sosyal. Nou pral travay avèk reprezantan w lan, menm jan nou te travay avèk ou.

Pou pwoteksyon pa w, nan pifò sitiyasyon, reprezantan w lan paka chaje w oswa kolekte lajan nan men w san li pa jwenn otorizasyon alekri nan men nou dabò. Sepandan, reprezantan w lan ka aksepte lajan nan men w alavans depi yo kenbe lajan sa a nan yon kont fidisi oswa yon kont ki apa.

Ni oumenm ni reprezantan w lan responsab pou ban nou enfòmasyon ki egzat. Li ilegal pou bay fo enfòmasyon volontèman oswa pa ekspre. Si w fè sa, ou ka gen pou fè fas a pouosit kriminèl.

## Ki sa yon reprezantan ka fè

Yonfwa ou nonmen yon reprezantan, li ka aji nan non w devan Sekirite Sosyal lè l:

- Jwenn enfòmasyon ki nan dosye Sekirite Sosyal ou a;
- Ede w jwenn dosye oswa enfòmasyon medikal pou sipòte reklamasyon w lan;
- Vini avèk ou, oswa pou ou, nan nenpòt entèvyou, konferans oswa odyans ou genyen avèk nou;
- Mande pou yon rekonsiderasyon, odyans oswa revizyon devan konsèy apèl; epi
- Ede w ansanm ak temwen w lan prepare pou yon odyans epi pou kesyone nenpòt temwen.

Reprezantan w lan pral resevwa yon kopi desizyon nou pral sou reklamasyon w lan (yo) tou.

## Chwazi yon reprezantan

Ou ka chwazi yon avoka oswa lòt moun ki kalifye pou reprezante w. Epitou ou ka gen plis pase yon reprezantan. Sepandan, ou paka genyen yon moun, daprè lalwa, paka aji kòm yon reprezantan, oswa yon moun Administrasyon Sekirite Sosyal te sispann oswa te diskalifye pou reprezante lòt moun.

Gen kèk òganizasyon ki ka ede w jwenn yon reprezantan oswa ba w sèvis legal gratis, si w kalifye pou sa. Kèk reprezantan pa chaje w anyen amwenske w ap resevwa beenfis. Biwo Sekirite Sosyal ou a genyen yon lis òganizasyon ki ka ede w jwenn yon reprezantan.

Ou ka nonmen yon moun oswa plizyè moun nan yon antrepriz, yon konpayi oswa yon lòt òganizasyon kòm reprezantan w, men ou paka nonmen antrepriz la, konpayi a oswa òganizasyon an.

Aprè w fin chwazi yon reprezantan, ou dwe fè nou konnen sa **alekri** lepli vit sa posib. Pou fè sa, ou dwe itilize Fòm SSA-1696-U4, *Nominasyon Reprezantan*, ki disponib sou sitwèb nou an nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

Ou dwe bay non moun w ap nonmen epi ou dwe siyen non w. Si moun nan se pa yon avoka li ye, li dwe siyen fòm nan tou.

## Ki sa reprezantan w lan ka chaje w

Pou reprezantan w lan ka chaje w yon frè pou sèvis li, li dwe dabò depoze yon akò pou frè oswa yon petisyon pou frè avèk nou.

Reprezantan w lan **paka** chaje w plis pase montan nou apwouve a. Si oumenm oswa reprezantan w lan pa dakò ak frè nou apwouve a, nenpòt nan nou ka mande nou pou n egzamine sa ankò.

Si yon reprezantan chaje oswa kolekte yon frè nan men w san otorizasyon nou, oswa li chaje oswa kolekte plis pase frè nou te apwouve a, nou ka sispann oswa diskalifye l pou l pa reprezante pèsòn devan Administrasyon Sekirite Sosyal la.

## Pou depoze yon akò pou frè

Si oumenm ak reprezantan w lan genyen yon akò alekri pou frè, reprezantan w lan ka mande nou pou n apwouve l nenpòt lè anvan nou pran yon desizyon sou reklamasyon w lan.

Abityèlman, nou pral apwouve akò a epi n ap di w alekri ki valè kòb reprezantan w lan ka chaje akondisyon:

- Ou te depoze akò pou frè w ap chaje a anvan nou pran desizyon sou ka w la;
- Nou toule de te siyen akò a;
- Nou te apwouve reklamasyon w lan epi w ap resevwa benefis aryere nou te deja dwe w; epi
- Frè ou te dakò pou peye reprezantan w lan pa plis pase 25 poustan benefis aryere nou te deja dwe w yo oswa li pa plis pase \$6,000, nenpòt ladan yo ki mwens.

Si nou pa apwouve akò pou frè a, nou pral fè ni oumenm ni reprezantan w lan konn sa alekri.

## Pou depoze yon petisyon pou frè

Reprezantan w lan ka ban nou yon petisyon pou frè aprè n fin travay sou reklamasyon w lan (yo). Demann sa a ki fèt alekri ta dwe dekri an detay kantite tan reprezantan w lan pase nan chak sèvis li fè pou ou. Reprezantan w lan dwe ba w yon kopi petisyon frè a epi chak atachman. Si w pa dakò ak frè a oswa avèk enfòmasyon li prezante a, kontakte nou nan yon delè 20 jou. Nou pral konsidere valè rezonab sèvis reprezantan an epi n ap fè w konnen, alekri, montan frè nou apwouve a. Si w pa dakò avèk frè nou apwouve a, ou dwe di nou sa alekri nan yon delè 30 jou apati dat nou otorize l la.

## Ki valè ou peye

Frè nou deside reprezantan w lan ka chaje a se valè ou dwe l pou sèvis li, menm si w ta dakò pou peye l plis pase sa. Sepandan, reprezantan w lan ka chaje w pou depans li fè ak lajan pa l, tankou depans pou rapò medikal, san l pa gen otorizasyon w.

Si yon avoka oswa yon moun ki pa avoka Sekirite Sosyal te twouve ki elijib pou pèman dirèk ki reprezante w, nou kenbe jiska 25 poustan sou benefis aryere nou te dwe w la pou nou ka peye frè reprezantan w lan. Nou peye tout oswa yon pati frè reprezantan an nan lajan sa a epi nou voye ba w tout rès lajan ki rete nan benefis ou a.

Pafwa ou oblige peye reprezantan w lan dirèkteman:

- Ou dwe peye rès lajan ou dwe li si montan nou apwouve a plis pase lajan nou te kenbe a epi n te peye reprezantan w lan avèk li.
- Ou dwe peye tout frè a si:
  - Reprezantan w lan pa elijib pou pèman dirèk;
  - Nou pa t dwe w ankenn benefis aryere nan ka pa w la;
  - Nou pa t kenbe 25 poustan nan benefis Sekirite Sosyal oswa Revni Sekirite Siplemantè aryere nou te dwe w, oswa toule de; oswa
  - Reprezantan w lan te fè yon demann atan pou yon frè epi nou te voye lajan nou te sipoze kenbe a ba w.

Ou dwe peye pou depans reprezantan w lan fè ak lajan pa li oswa depans li konte fè, (pa egzanp, frè li dwe peye pou l jwenn dosye medikal ou nan men doktè w oswa nan lopital la).

## Si yon lòt mounn peye reprezantan w lan

Nou dwe apwouve frè a, menm si se yon lòt moun ki peye l pou ou (pa egzanp, yon zanmi oswa yon fanmi), amwenske:

- Se yon biznis, yon òganizasyon a bi likratif oswa a bi non-likratif oswa ajans federal, leta, konte oswa minisipalite ki pral peye frè a ak nenpòt depans nan pwòp fon pa li; epi
- Oumenm ak nenpòt benefisyè oksilyè pa gen okenn responsabilite dirèk oswa endirèk pou peye frè a oswa depans, ann antye oswa an pati, bay yon reprezantan oswa yon lòt moun; epi
- Reprezantan w lan ban nou yon deklarasyon alekri ki fè konnen ou pap gen pou peye okenn nan frè yo oswa depans yo.

## Si w pè apèl pou reklamasyon w lan nan tribunal federal

Tribinal la ka pèmèt avoka w la touche yon frè ki rezonab. Nou pa bezwen apwouve frè sa a. Frè a pap depase 25 poustan nan tout benefis aryere nou dwe w ki se rezulta desizyon tribunal la. Avoka w la paka chaje w okenn frè siplemantè pou sèvis li nan tribunal la.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## **Rele nou**

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandem.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

**Social Security Administration**  
Publication No. 05-10075-HC | June 2017  
Dwa ou genyen pou Reprezantasyon  
Your Right to Representation (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense  
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a